ISSN:3030-3621

# KÓRKEM ÓNER HÁM TÁRBIYA PIDAYISI - GÚLSÁWIR SAPARBAEVA

***Kamalova Gúlmaryam***
*Ózbekstan Mámleketlik konservatoriyası*
*Nókis filialı "Ulıwma kásiplik hám*
*social-gumanitar pánler kafedrası" "Muzıkatanıw"*
*qánigeligi 3-kurs studenti:* ***Saparova Gwzal***

***Annotaciya:*** Usı maqala G.Saparbaevanıń jumısı hám jetiskenliklerine baǵıshlanǵan. Onda ol súwretlew hám ámeliy kórkem óner jáne ayaq oyın óneri boyınsha jas áwladlardı oqıtatuǵını, Qaraqalpaq milliy kesteshiligin úyretetuǵını hám studentleri menen tańlaw hám festivallarda qatnasıp jetiskenliklerge erisetuǵını sáwlelendirilgen. Maqala onıń sheberlik sabaqları, pedagogikalıq jumısı hám kórkem ónerdi rawajlandırıwǵa qosqan úlesin kórsetedi.

***Gilt sózleri:*** kórkem-óner, muzey, dóretiwshi, súwretlew óner, milliy, pedagogika.

**Аннотация**. Данная статья посвящена деятельности и достижениям Г. Сапарбаевой. В нем рассказывается о том, как она обучает молодое поколение изобразительному и прикладному искусству и танцевальному искусству, преподает каракалпакскую национальную вышивку и добивается успехов, участвуя со своими студентами в конкурсах и фестивалях. Статья демонстрирует его мастер-классы, педагогическую деятельность и вклад в развитие искусства.

**Ключевые слова:** искусство, музей, художник, изобразительное искусство, национальный, педагогика.

Búgingi kúnde elimizde bilimlendiriw hám tárbiya sistemasın jańa basqıshqa alıp shıǵıw, jaslardı milliy qádiriyatlar, kórkem óner hám mádeniyatqa húrmet ruwxında tárbiyalaw mámleketimiz siyasatınıń eń áhmiyetli baǵdarlarınan biri bolıp esaplanadı. Sebebi, búgingi jaslar erteńgi kúnimizdiń qurıwshıları, Watanımız kelesheginiń iyeleri bolıp esaplanadı. Olardıń bárkamal insan bolıp kamalǵa keliwinde, ruwxıy dúnyasınıń bayıwında hám dóretiwshilik oy-pikiriniń qáliplesiwinde ustazlardıń ornı sheksiz. Mine, usı maqtanıshlı hám juwapkershilikli jolda óz ómirin, bilim hám sheberligin baǵıshlap kiyatırǵan, óz kásibine sadıqlıq penen xızmet etip atırǵan pidayı ustazlarımız bar. Olardıń miyneti tek ǵana shákirtleriniń emes, al pútkil jámiyetimizdiń ruwxıy rawajlanıwına xızmet etedi. Usınday ustazlardan biri - súwretlew hám ámeliy kórkem óner tarawında jumıs alıp kiyatırǵan, kóp jıllıq jemisli miyneti, shákirtleriniń tabısları, kórkem ónerdi jaslar qálbine sińdiriwdegi pidayılıǵı hám insanıylıq paziyletleri menen elimizde keńnen tán alınǵan Gúlsáwir Saparbaeva.

Ol tek bilim beriwshi muǵallim emes, al jaslardıń qálbin tárbiyalawshı, olarǵa dóretiwshilik ilham baǵıshlawshı, milliy qádiriyatlarımızdı keleshek áwladqa jetkeriwshi mehriban ustaz sıpatında da tán alınadı. Gúlsáwir Saparbaeva tek ǵana oqıtıwshı sıpatında emes, al bólim baslıǵı sıpatında da úlken jumıslardı ámelge asırıp kelmekte. Ol tek ǵana óziniń sabırlı miyneti menen emes, al intakerligi hám jańasha kózqarasları menen de kórkem óner bóliminiń rawajlanıwına sheksiz úles qostı. Onıń basshılıǵında bólimde bilimlendiriwdiń sapası jáne de joqarılap, oqıwshılar dóretiwshilik izleniwge, milliy qádiriyatlardı tereń úyreniwge iytermeledi. Ustaz jas áwladqa ámeliy kórkem óner, qol miyneti, milliy kesteshilik hám ayaq oyın kórkem óneriniń názik sırların muhabbat penen úyretip kelmekte. Hár bir sabaqta ol oqıwshılarǵa milliy dástúrlerimizdi qádirlew, olardı zamanagóy talaplarǵa sáykeslendiriwdi úyretedi. Sonıń menen birge, ol jaslardı estetikalıq tárbiya, dóretiwshilik pikirlew hám ruwxıy joqarılıq ruwxında tárbiyalap, keleshekke isenimli qádem taslawına jol ashpaqta. Gúlsáwir apanıń qol astında tárbiyalanǵan shákirtler jıldan-jılǵa respublika kóleminde ótkeriletuǵın tańlaw hám festivallarda sıylı orınlardı iyelep kelmekte. Máselen, 2015-jılı Yusupova Aziza "Altın" medaldı qolǵa kirgizgen bolsa, 2016-jılı Zarimova "Gúmis" medal menen sıylıqlandı. 2018-jılı Barakbaeva Ayjamal respublikalıq basqıshta 2-orındı iyeledi. 2022-jılı bolsa Uzaqbaeva Bibinaz da 2-orın menen sıylıqlandı. Sońǵı jıllarda da bul dástúr dawam etip, 2024-jılı Turǵanbaeva Amina "Altın" medal iyesine aylandı. Bul jetiskenlikler tek oqıwshılardıń emes, al olardı kórkem óner álemine jetelegen pidayı ustaz - Gúlsáwir Saparbaevanıń da mashaqatlı miynetinen dárek beredi. Hár bir shákirtiniń tabısı - onıń miynetine berilgen eń joqarı baha, eń úlken sıylıq. Gúlsáwir Saparbaeva óziniń kóp jıllıq nátiyjeli jumısı dawamında tek ǵana mektep kóleminde emes, al pútkil respublikamızda tanılǵan, húrmetke erisken ustazlardan biri bolıp esaplanadı. Onıń pidákerlik miyneti mámleketimiz hám jámiyeshilik tárepinen de múnásip tán alınǵan. 2018 hám 2021-jıllarda Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministri tárepinen "Húrmet jarlıǵı" menen sıylıqlanıwı onıń bilimlendiriw hám kórkem ónerdi rawajlandırıwǵa qosqan úlesi joqarı bahalanıwınan dárek beredi. 2020-jılı bolsa Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri tárepinen oǵan "Alǵısnama" tapsırıldı. Bunday sıylıqlar Gúlsáwir apanıń pidayılıǵın, jıllar dawamında jaslardıń qálbinde kórkem ónerge muhabbat oyatıw jolında etken háreketleriniń mámleket kóleminde tán alınǵanınan dárek beredi. Sonday-aq, ol bir neshe márte "Eń jaqsı ustaz," "Eń úlgili ustaz" sıyaqlı húrmetli nominaciyalarǵa iye bolǵan. Bul ataqlar tek ǵana bilimli hám sheber emes, bálkim joqarı insanıylıq pazıyletlerge iye bolǵan, ózin pútkilley shákirtlerin tárbiyalawǵa baǵıshlaǵan ustazlarǵa ǵana nesip etedi. Gúlsáwir Saparbaeva óz jumısın mektep diywalları menen sheklemeydi. Ol kórkem ónerdi keń jámiyetshilik arasında úgit-násiyatlawdı, milliy miyrastı xalqımız, ásirese, jaslar qálbine tereń sińdiriwdi óziniń muqaddes minneti dep biledi. 2021-jılı Qaraqalpaqstannıń belgili Savickiy atındaǵı

kórkem óner muzeyinde ótkerilgen ilajda ol oqıwshıları menen birgelikte sheberlik sabaqların shólkemlestirdi. Bul sabaqlar tek ǵana jaslar emes, al kórkem óner ıqlasbentleri, qánigeler hám keń jámiyetshilik arasında úlken qızıǵıwshılıq oyattı. Usı ilaj sheńberinde Gúlsáwir apa jáne bir márte "Húrmet jarlıǵı" menen sıylıqlandı. Bul jaǵday onıń jumısı tek ǵana bilimlendiriw ornında emes, al pútkil jámiyetlik turmısta da úlken áhmietke iye bolıp atırǵanınıń ayqın gúwası. Onıń baslaması menen shólkemlestirilgen "Qaraqalpaq milliy kesteshiligindegi naǵıslardı durıs sızıw," "Kesteshilik túrlerin úyreniw," "Jumıssız hayal-qızlarǵa milliy óner úyretiw" sıyaqlı sabaqları úlken qızıǵıwshılıq penen qabıl etildi. Bul shınıǵıwlarda tek oqıwshılar emes, al hár qıylı jastaǵı hayal-qızlar da qatnasıp, milliy óner sırlarınan zawıqlandı. Gúlsáwir apanıń bul sıyaqlı jumısları xalqımızdıń bay tariyxıy hám mádeniy miyrasın qásterlep saqlaw, onı keńnen úgit-násiyatlaw, áwladtan-áwladqa jetkeriw jolındaǵı pidayı xızmetler bolıp esaplanadı. Gúlsáwir Saparbaeva tek bilim beriwshi muǵallim emes, al turmıslıq tájiriybesi, insanıylıq pazıyletleri menen de órnek bolatuǵın insan. Onıń hadallıǵı, tuwrılıǵı, ǵayratlılıǵı, mehribanlıǵı hám intakerligi sebepli ol kásiplesleri, shákirtleri hám ata-anaları arasında tereń húrmetke erisken. Ol hár bir jumısta juwapkershilikti óz moynına alıwǵa tayar, jańalıqqa umtılıwshı, izleniwsheń ustaz. Óz kásibine mehir qoyǵan, hár bir oqıwshınıń talantın kórip, onı joqarılatıw ushın izlenetuǵın insan. Gúlsáwir apanıń tárbiyalaǵan shákirtleri kórkem óner áleminde tabıslarǵa erisip atırǵan bolsa, bul bárinen burın ustazdıń miynet súygishligi hám pidayılıǵınan dárek beredi. Shákirtleriniń kózinshe ol tek bilim beriwshi emes, al mehriban ustaz, jol kórsetiwshi, ómir mektebin úyretiwshi insan bolıp tabıladı. Olardıń qálbinde kórkem ónerge mehir oyatıw menen birge, Watanǵa muhabbat, milliy qádiriyatlardı qádirlew, adamgershilik hám hadallıq sıyaqlı pazıyletlerdi de sińdiredi.

G.Saparbaeva búgingi kúnde tek ǵana tájiriybeli oqıtıwshı emes, al milliy miyrasımızdı úgit-násiyatlawshı, jas áwlad qálbinde kórkem ónerge mehir oyatıwshı pidayı ustaz sıpatında tanılǵan. Onıń 29 jıllıq miynet jolı húrmet-izzetke, shákirtleriniń jetiskenlikleri bolsa maqtanıshqa sebep bolıp kelmekte. Ustazdıń kóp jıllıq pidayılıǵı, mehriybanlıǵı hám óz kásibine sadıqlıǵı búgingi jaslar ushın ibrat, keleshek áwladlar ushın bolsa bekkem tırnaq bolıp esaplanadı. Gúlsáwir Saparbaeva sıyaqlı pidayı ustazlardıń miyneti sebepli kórkem ónerimiz hám mádeniyatımız jáne de rawajlanıp, milliy qádiriyatlarımız jaslardıń qálbinde máńgi jasaydı.